

Mizajou Pwotokòl COVID-19: Vaksinasyon ak Vwayaj

10 Me 2022

Chè kominote ki sou kanpis la,

Pandan n ap pwoche fen semès prentan 2022 a, nou swete bay kominote inivèsite a enstriksyon ak egzijans ki ajou konsènan vaksen COVID-19 ak vwayaj yo. N ap kontinye kontwole tout done ak tandans ki disponib nan kad angajman kontinyèl nou pou aplike mezi apwopriye COVID-19 yo pou pwochen semès ete ak otòn yo.

Egzijans pou Vaksen

University of Maryland ap kontinye egzije **vaksen ki ajou** (ki gen ladann yon rapèl lè li elijib) kont COVID-19 pou tout pwofesè, anplwaye ak elèv ki nan lakou lekòl la. Li pa nesèsè pou jwen yon dezyèm rapèl pou yo konsidere w kòm ajou nan moman sa a. Vaksen yo te montre yo efikas nan diminye pwopagasyon viris la sou kanmpis nou an pandan ane ki sot pase a e yo ap kontinye jwe yon wòl enpòtan nan redui risk ak gravite COVID-19 la nan kominote a.

- Si ou te deja soumèt prèv vaksinasyon, ki gen ladan l yon rapèl, ou pa bezwen fè anyen ankò.
- Tout nouvo manm pami pwofesè yo, anplwaye ak elèv yo dwe telechaje prèv vaksinasyon konplè a, ki ge ladan yon rapèl lè yo elijib, nan **UHC portal** anvan yo rantre nan klas yo oswa nan travay an pèsòn. Egzijans sa pap aplike si yo te baw yon egzansyon medikal oswa relijye; tanpri **mande yon egzansyon** jan sa apwopriye.
- Si yo te dyagnostike w ak COVID-19 nan 6 dènye mwa yo, sa ka ranplase yon piki rapèl; **konfime ou te teste pozitif**.

Pwotokòl Vwayaj yo

Depi kounyea, tout deplasman ki gen rapò ak inivèsite a ap otorize.

- Tanpri suiv tout enstriksyon CDC COVID-19 yo konsènan vwayaj **domestik** ak **entènasyonal** yo.
- Si ou gen yon pwoblèm sante oswa si w ap pran medikaman ki febli sistèm iminitè w la, tanpri pale ak founisè swen sante w la anvan ou vwayaje. Ou gendwa pa gen pwoteksyon total menmsi ou ajou ak vaksen COVID-19 ou yo. Menm apre vaksinasyon an, ou ka bezwen kontinye pran tout prekosyon.
- Lè w ap vwayaje a letranje, ou dwe konfòme w ak pwotokòl ki tabli nan peyi akèy ou a.

- Si yo te bay yon ezansyon medikal oswa relijye epi ou pa pran vaksen an okonplè(ki gen ladan yon rapèl lè w kalifye) epi ou dwe vwayaje, tanpri pale ak founisè swen sante w la sou risk pou sante w anvan w vwayaje epi suiv tout CDC ki aplikab yo ak lòt konsèy jan sa endike pi wo a.
- Tanpri revize **University's Travel Memorandum(Memorandòm Vwayaj Inivèsite a)**.

Erezman, kantite ka COVID-19 nan kanmpis nou an kontinye ap bese, ak kantite sentòm yo rapòte ki fèb. Pousantaj vaksinasyon ki wo nou an ak aderans ak egzijans ki aplikab pou mete mask yo te ede bese pwopagasyon viris la sou kanmpis nou an. Mèsi a nou tout pou dilijans ki ap kontinye nou an pou respekte pwotokòl **4 Maryland** nou yo. Sante kominote inivèsite nou an ret yon travay ekip.

Rete an sante,



Spyridon S. Marinopoulos, M.D., M.B.A., F.A.C.P.

Direktè, Sant Sante Inivèsite a

Medsen an chèf

Li/Li/Li